**दिन–गुरूवार** **दिनांक–01.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय राज्य सरकार सभ के अनुसूचित जाति आओर अनुसूचित जनजाति में उप–वर्गीकरण करबाक लेल जनौलक अछि। प्रधान न्यायाधीश डी.वाई चन्द्रचूड़क अध्यक्षतावला सात न्यायाधीशक पीठ बीस वर्ष पुरान अपन एक निर्णय के उनटि देलक अछि। वर्ष दू हजार चारि मे सर्वोच्च न्यायालय अपन एक निर्णय मे जनौने छल जे अनुसूचित जातिक आरक्षणक उप–वर्गीकरण भर्ती आओर सरकारी नोकरी मे स्वीकार्य नहि अछि। प्रधान न्यायाधीश डी. वाई चन्द्रचूड़ निर्णय दैत जनौलनि जे अनुसूचित जनजातिक उप–वर्गीकरण संविधानक अनुच्छेद चौदहक उल्लंघन नहि अछि। अनुच्छेद पन्द्रह आओर सोलह कोनो राज्य के एक जातिक उप–वर्गीकरण करय सँ नहि रोकैत अछि। एहि सँ पहिने एहि वर्ष आठ फरवरी कऽ सर्वोच्च न्यायालय अटॉर्नी जेनरल आर. वेकटरमणि, सॉलिसिटर जेनरल तुषार मेहता, वरिष्ठ अधिवक्ता कपिल सिब्बल आओर आनो–आन न्यायाविद्क तर्क सुनलाक बाद अपन आदेश सुरक्षित राखि लेने छल। केन्द्र सरकार मानलक अछि जे ओ अनुसूचित जाति आओर अनुसूचित जनजाति मे वर्गीकरण कयल जयबाक पक्ष मे अछि।

---

भारत पेरिस ओलंपिक मे तेसर पदक जीतलक अछि। आइ खेलक छठ्म दिन निशानेबाज स्वप्निल कुसाले पचास मीटर रायफल थ्री पोजिशंस मे कांस्य पदक जीतलनि अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्वप्निल कुसाले के कांस्य पदक जीतय पर बधाई आओर शुभकामना देलनि अछि।

---

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे देश मे रेल दुर्घटना पर अंकुश लगेबाक लेल हर संभव उपाय कयल जा रहल अछि। लोकसभा मे अनुदान मांग पर चर्चाक उत्तर दैत रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि अछि जे रेल दुर्घटना मे बेसी कमि आयल अछि। हरेक वर्ष औसत

अड़सठि रेल दुर्घटना होयत अछि। ओ जनौलनि जे सुरक्षा देबाक लेल सभ पक्ष के औरो बेसी प्रयास करय पड़त।

——————————————————————————

आपदा प्रबंधन (संसोधन) विधेयक—दू हजार चौबीस आइ गृह राज्यमंत्री नित्यानन्द राय लोक सभा मे पेश कयलनि। ई विधेयक दू हजार पाँचक आपदा प्रबंधन अधिनियम के संसोधित करबाक लेल पेश कयल गेल अछि। एहि विधेयकक उद्देश्य राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण आओर राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक काज के कुशल बनेबाक लेल अछि।

——————————————————————————

राजद आओर भाकपा—मालेक सदस्य सभ बिहार मे आरक्षणक बढ़ल दायरा के संविधानक नवम अनुसूची मे जोड़बाक मांग के लऽकऽ संसदक बाहर प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शन मे राजद सांसद अभय कुशवाहा, मीसा भारती, सुरेन्द्र यादव, फैयाज अहमद, मनोज झा, संजय यादव आओर प्रेमचन्द्र गुप्ताक संग—संग भाकपा—मालेक सुदामा प्रसाद आओर राजाराम सिंह सेहो छलाह।

——————————————————————————

ठोस कचड़ा प्रबंधनक मॉडल पर विचार—विमर्शक लेल आइ पटना मे एक दिवसीय कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। एहि मे जापान आओर नीदरलैंडक कंपनी सहित आठ राज्यक प्रतिनिधी सभ छलाह। कार्यक्रमक उद्घाटन उपमुख्यमंत्री करैत जनौलनि जे सरकार बिहार के स्वच्छ आ साफ—सूथरा बनेबाक लेल काज कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे विशेषज्ञ सभ सँ भेटल सुझावक मददि सँ सरकार निक सँ कचड़ा प्रबंधन कऽ सकत। एहि अवसर पर नगर विकास मंत्री नितिन नवीन जनौलनि जे सरकार कचड़ा प्रबंधन के उद्योगक रूप देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

——————————————————————————

राजस्थानक जयपुरक विद्याधर नगर मे भारी बारिशक कारण एक घरक बेसमेंट में पानि भरि गेला सँ तीन लोकक मृत्यु भऽ गेलनि। भेटल जनतबक अनुसार सभ मृतक भोजपुर जिलाक छलाह। राजस्थानक उपमुख्यमंत्री दिया कुमारी जनौलनि जे मृतक मे पिता आओर हुनक दू पुत्र छथि। ओ जनौलनि जे मृतकक परिजन सँ संपर्क भेल अछि आओर प्रशासन के उचित मोआवजा देबाक लेल जना देल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून एक बेर फेर सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे राज्य मे कतेको ठाम भारी सँ बहुत भारी बारिश भेल अछि। बक्सर मे सभ सँ बेसी एक सय नब्बे दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। नालंदा जिलाक करायपरसुराय मे एक सय सोलह दशमलव चारि आओर किशनगंजक हायाघाट मे एक सय दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। कतेको आनो—आन ठाम पर सय मिलीमीटर सँ लऽकऽ पचास मिलीमीटर धरि बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच नवादा, गया आओर औरंगाबाद जिला मे किछु ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण, उत्तर—पश्चिम आओर उत्तर—मध्य भाग मे किछु ठाम बारिश, मेघगर्जन आओर ठनका खसबाक लेल चेतावनी देल गेल अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक कर्पूरी ग्राम रेलवे स्टेशन के अमृत भारत स्टेशन योजना मे सौद्रर्यीकरण कयल जायत। पूर्व मध्य रेलक महाप्रबंधक छत्रसाल सिंह समस्तीपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि।

———————————————————————————

समाप्त